

UNIONDALE UNION FREE SCHOOL DISTRICT

933 GOODRICH STREET, UNIONDALE, NEW YORK 11553-2499

Website: <http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION

CHARMISE P. DESIRÉ, *President*
NEVILLE G. GEORGES, *Vice President*
ADELINA BLANCO-HARVEY, *Trustee*
JUSTIN BROWN, *Trustee*
CAROL EASON, *Trustee*
BAILEY JEFFRIES, *Student Member*

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wllloyd@uniondaleschools.org

ADMINISTRATION

RHONDA A. TAYLOR
Assistant Superintendent for Curriculum and Instruction
516-560-8825 • FAX 516-560-8917
MYRTLE E. DICKSON, PH.D.
Assistant Superintendent for Human Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927
STEVEN M. EPSTEIN
Assistant Superintendent for Business Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

DISTRICT CLERK

OLENA NICKS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

13 mas 2020,

Chè paran/Gadyen:

Lèt sa a se pou ba nou plis enfòmasyon depi denye let nou te voye a le 11 mas 2020. Byenke enfòmasyon yo ap chanje chak jou, pou kounye a **pa gen okenn ka ki konfime de COVID-19 (koronaviris) nan distrik la**, epitou nou pa resevwa okenn lòd de depatman lasante vil Nassau a sou kesyon de fèmen lekòl nou yo. Sepandan, n ap kontinye kenbe kontak pwòch ak ofisyèl lasante lokal, leta a ak federal la pou nou sa pran desizyon ki pi enfòme pou sekirite ak byenèt elèv nou yo, estaf nou yo ak lafanmi yo.

De CODVID-19 ap pwopaje, distrik la ap swiv direksyon depatman lasante vil Nassau a, sant pou kontwòl ak prevansyon maladi yoak depatman edikasyon leta nouyòk la. Distrik la ap bay dènye nouvèl ke n ap ka jwenn sou sit entènèt nou an: <https://district.uniondaleschools.org>

Distrik la ap kontinye kenbe efò netwayaj li kòmanse aki gen pwotokòl dezenfektan nan tout lekòl yo. Pou nou sa pran anpil prekosyon, distrik la pran mwayen sa yo k ap kòmanse jodi a:

- Tout aktivite leswa ak nan wikend yo ranvwaye jiskaske nou bay lòt nouvèl. Sèl **depatman ki fè eksepsyon se Alternative High School Program nan, aktivite apre lekòl yo ak ekzèsis atletik an dedan lekòl nou yo ak rankont Biwo Edikasyon nou an.**
- Tou pwonad ranvwaye jiskaske nou bay lòt nouvèl.
- Tout evennman mizikal, enkli NYSSMA ranvwaye jiskaske nou bay lòt nouvèl.
- Tout jwèt atletik anile jiskaske nou bay lòt nouvèl.
- Ekzamen SAT ki te pou fèt samdi 14 mas 2020 anile.
- Rankont Tab rond PTA ap ranvwaye jiskaske nou bay lòt nouvèl.
- Rankont ou òganizasyon ki gen pèmi pou itilize lekòl nou yo ap ranvwaye jiskaske nou bay lòt nouvèl.
- Tout rankont gwoup ki laj tankou asanble yo, pwogram pou paran yo ak rantrè nan sosyete oè yo ap chanje dat si posib.
- Si lekòl yo ta fèmen, elèv ki nan lekòl an deyò distrik la ak elèv ki nan lekòl prove yo ap toujou resevwa transpòtasyon depi lekòl yo ouvri epitou konpayi otobis la ap travay.

Ankò, distrik eskolè Uniondale la **pa gen okenn ka COVID-19 ki konfime**. Nap kontinye kenbe w okouran. N ap mande w pou pa fè nouvel rimè ak tripotay konfyans epitou chèche enfòmasyon de sous ki verifye. Nou konnen ke tip de desizyon sa yo dekouraje elèv nou yo, paran nou yo ak kominote nou an men, nou vle nou konnen ke desizyon sa yo pran ak anpil konsiderasyon ak nan enterè ak sekiriteelèv nou yo, estaf nou yo ak lafanmi yo. N ap kontinye evalye plan nou an depi sikonstans you chanje. Se espwa nou ke sèten nan aktivite ki ranvwaye yo ap kapab fèt nan yon lòt dat nan ane eskolè a.

Planifikasyon pou kontinwite enstriksyon:

- Distrik la travay anpil pou planifye pou enstriksyon ka kontinye si lekòl yo dwe fèmen. Lè sa a enstriksyon ap fèt atravè Googlesuite ak Appleschoolwork. Paran ki ta vle asistans pou sit sa yo dwe kontakte Direktè Teknoloji nou an, Ms. Ana Ritter, nan 516-918-1026 oubyen pa kouryèl nan aritter@uniondaleschools.org. Elèv ki pa gen aksè a teknoloji oubyen sèvis entènèt ap jwenn yon pakè pou enstriksyon yo. Se pou sa, si ou pa t reponn a sondaj nou te voye lakay nou yo e ki jis kounye a sou sit entènèt distrik la, tanpri ranpli li imedyatman.

Planifikasyon pou distribisyon manje:

- Si lekòl distrik yo ta fèmen, n ap fè paran yo konnena travè mesaj telefòn distrik la. Manje maten ak manje midi ap disponib pou nou vin pran yo nan ayskoul Uniondale la ak nan lekòl Lawrence Road la ant 10:00 AM ak 12:00 PM.

Finalman, mwen te vle remèsye estaf yo, elèv yo ak tout kominote Uniondale la pou tout sipò yo kontinye banou yo pandan tan difisil sa yo. Distrik la ap kontinye pataje enfòmasyon ak kominote nou an depi yo disponib. Kòm toujou, lasante aksekirite elèv nou yo, estaf nou yo ak olafanmi nou yo rete yon priyorite ouu nou.

Mèsi anpil.

Dr. William K. Lloyd
Sipèntandan Lekòl yo